

Restavèk
Sa li viv ak emosyon li

Preparasyo anvan mim [fè moun yo tounen an espri an Ayiti jan yo te konn viv lan pou yo ka fè eksperyans a nivo vi yo ak eksperyans pèsonèl.]

An nou pran san nou, tout tansyon jounen ak vi nou yo ap soti lan kò-n. An nou pran san nou. Bon. Kounye a nou pral transpòte an Ayiti. Nou kòmanse wè bèl mòn yo, lanmè ble, bèl pyebwa nou yo. N ap santi tout bèl plant lakay nou yo : zoranj, mango, bannann, zanmann, kann. An nou pran sans nou. Ou lakay jan nou te konn viv anvan nou vini viv isit.

Mim [Yon vwa ap di padan kamera ap klere sou domestik la k ap repase tout sa li te fè pandan jounen anvan li al kouche atè a sou yon twal ki reprezant yon nat]

- Kòk la ap chante, fi ap leve.
- Li fè yon twalèt byen vit lan yon dlo frèt lan barik lakou a.
- Li limen dife pou l fè kafe pote bay mèt kay la yo lan kabann yo.
- Lè li fini la l jete po chanm lan, ranje kabann, siye chanm, al chèche dlo paske tiyo rete.
- Li mtete kouvè pou ti dejene mèt kay la yo (3), li kanpe tann bò tab la jis lè yo fin manje, al lan kizin chèche sa yo bezwen, desèvi tab la, al lave asyèt ak chodyè.
- Li al ranmase lesiv pou l mete tranpe.
- Al chèche chabon pou kizinyè k ap prepare manje.
- L ale fè komisyon Madanm lan bezwen.
- Li pandye lesiv, li pase sa ki sèk yo.
- Al mete kouvè, pou manje midi, rete kanpe kote tab la pou fè sèvis, desèvi, lave asyèt ak chodyè.
- Kizinya bal moso manje l (ki pa menm ase pou pase grangou li).
- Li kontinye ak menaj twal mouye, osnon lesiv.
- Lè leswa rive al frote pye madanm osnon grate tèt li pandan Madan m ap repoze anvan li monte lan chanm li pou dòmi.
- Lòt tout bagay fini fèt lan kay la, lannwit avanse malerèz pral dòmi ak moso twal li.

Lekti panse domestik la. [yon lòt vwa]

Mwen fret. Mozaik la di anba zo do m. Tout misk lan kòm rèd apre jounen foubi kay madanm lan, monte, desann, fè menaj, lave, pase, fè komisyon adwal agòch selon volonte metrès kay la.

A la mwen fret. Twal mwen gen anba do m lan pa ban m okenn chalè e li pa kouvri kò m.

O Bondye si mwen te kab vanse yon lòt kote lan kay la mwen ta soti lan kourandè kab pase anba pòt la. Si mwen te gen yon nat mwen pa ta santi fredri mozayik la, men madanm lan di m mwen twò malpwòp ma pote pinèz lan kay li.

A la mwen frèt. Si mwen te ti chen metrès la, mwen ta kapab al lonje kò m sou tapi devan pye kabann li.

Ala mwen frèt. Madmwazèl kay la kouche sou yon kabann 2 plas avèk matla dous, li kouvri ak yon bon lenn mwen bije lave chak de jou ak savon santi bon. Si mwen te kapab kole kò m bò kote kabann lan petèt mwen ta pran yon ti chalè.

A la mwen frèt. Sibitman mwen santi yon kò cho kab vlope m ak yon souf santi tafya bò kote kou m. Ay ya yay. Chalè sa a mwen pa bezwen l. Mèt kay la ap vini pran plezi l. Odè kò l anvayi m. Mwen pa kab rele, mwen pa kab pale, bouch mwen fèmen sou doulè kab penetre m lan.

O ala mizè. Tout bagay fini. Mèt la fini, li leve l ale. Pye l ap pilonnen kò m. Kò m mouye anba travay fòse sa a. Mwen santi fredri ap anvayi m kounye a ankò pi rèd. Kò mwen pran tranble.

Mwen frèt. Poukisa mwen vini sou late Ayti Toma sa a.

Mwen frèt. Ki lè sa va chanje.

Mwen frèt. Ki lè ma resevwa okenn chalè poutèt mwen se mwen.

Mwen frèt. Ki lè solèy la va chofe mwen menm jan ak tout lòt moun yo.

Mwen frèt. Bondye ki lè ma rive jwi tout bèl bagay ou mete sou latè a pou tout kreyati ou yo.

Mwen frèt. Mezanmi a la mwen frèt.